



CERAMAH ISRA MIRAJ 2024 BAHASA SUNDA ✓

Posted on 23/01/2025 by Ade Munaa



Categories: [Bahasa Sunda](#), [Ceramah](#), [Rajab](#)



Assalamualaikum wr wb

Daun salam Siap saji

Nu ngajarawab salam

Mugia seuer rizki

Daun selasih ngareluk

Di seumat ku awi beulah

Nu asih ka pada makhluk

Di rahmat ku gusti Alloh

Anu ngajawab salam di doakeun sing lunas hutang

Dilancarken rezekina aamiin...

Hadirin anu dipikahormat anu insya alloh aku alloh di mulyakeun.

Puji miwah syukur urang sanggaken ka alloh swt anu alhamdulillah kalayan takdir timantena urang sadaya tiasa riung mungpulung patepung lawung patepang wajah dina raraga memperinganti kana sasih di isra sareng dimirajkenana junjuran urang sadaya yakni kangjeng nabi muhammad saw, anu mudah mudahan ie riunganteh sing ngajadikeun hiji wasilah ngengengken safaatul udma dina poe kiamah amin ya alloh ya robbal alamin Oge rohmat miwah salam mugia salalamina dicurah tur dilimpah kapaduka rosul wastana kangjeng nabi Muhammad saw Te hilap ka para keluargana sahabatna, tabiina, oge mudah mudahan eta rohmat teh dugi ka urang sadayana amiin ya alloh ya robal alamin Hadirin anu dipikahormat isra miraj teh nyaeta kajadian nu penting anu kudu ku urang di inget inget, nyaeta perjalanan kangjeng rosul ti masjidil harom kamasjidil aqso terus naek ti masjidil aqso ka langit ka 7 ka sidrotul muntaha,

urang pasti ges papada apal da di tiap perayaan isra mi'raj pasti di bahas bahkan ayat nage sapalih pasti tos pada terang dina surah al isra ayat ka1

بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ سُبْحَانَ الَّذِي أَسْأَلُ بِرَبِّهِ لَيْلًا مِّنَ اللَّيْلِ مَسْجِدَ
الْحَرَامِ إِلَى الْمَسْجِدِ الْأَقْصَا الَّذِي بَرَكْنَا حَوْلَهُ لِنُرِيَهُ مِنَ الْأَيْتَانِ أَنَّهُ هُوَ
السَّمِيعُ الْبَصِيرُ

Mahasuci alloh anu ges ngiangken hambana dina hiji peting ti masjidil harom ka masjidil aqso anu sakulilingna ku kami diberkahan piken kami nembongken ka manehna ti a

Tah dina solat ge aya elmuna aya syarat jeng rukunna awewe te menang ngimaman lalaki, bahaya lamun ngaji ker tunduh dedengean, awewe menang ngimaman lalaki, kadengena ku aki aki jeng nini

nini, atuh pas sholat si nini di harep si aki ditukang mangkaning si nini make mukena anu ges pinuh ku cepi karoneng ges regas jeng te make jeroan, pas ker sholat palebah ruku ka tincak atuh berewek soek mukena, atuh katingali ku si aki aya anu hiding jadi we te focus, cek si aki sami allohulimanhamideng jol ditembal ku sinini hiding hidengge ciptaan allohuakbar hehe tuh jadi tebener pan solatna jadi tebener, numatak pas ngaji prak prakan wudu jeng solat kudu bener bener bisi salah.

Komo lamun te apal pisan cik bakal kumaha kan te kabayang ke ngacona solat kumaha Matak kudu diajar prak prakan wudu jeng solat anu bener Hayu tiayena urang memperdalam ilmu urang mun te apal tanyaken ka guru ka ustad ustad meh jadi apal ulah cicing cicing bae diam diam bau hitut

Mudah mudahan ku cariosan anu sakedik ie jadi panggeing ker diri urang sadaya supaya ningkatken kana ilmu jeng kana ibadah urang amin ya alloh ya robbal alamin hadirin anu dipikahormat moal seer anu dicarios bilih aya cariosan anu lepat kirang langkungna ulah kirang kirang hapunten urang tutup wae ku pantu

tai cakcak dina huntu

tai manuk dina kenteng

ceramahna mung sakitu

ti jelema anu paling nganteng

wabilahitaufik walhidayah wasalamualaik.

There are no comments yet.